

Мыхьэнэшхуэ зиIэ зэIущIэ

2-нэ нап.



Физикэм и хабзэхэр щызэблэдза дуней

2-нэ нап.



Ассанж Джулиан Америкэм иратыж

3-нэ нап.



«Шынагъуэншагъэм и еджапIэ»

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№56 (24.338) ● 2022 гъэм майм (накъыгъэм) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

## ГъэсакIуэ жыджэрхэр утыку къохьэ



4-нэ нап.

# Къалэнхэмрэ мурадхэмрэ

**КъБР-м и Iэтащхьэр дыгъуасэ депутатхэм яIущIащ. Абы хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэм и аппарату КИФЩI-м щыIэм и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр, КъБР-м и прокурорыр, Правительствэм хэтхэр, КъБР-м цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэр, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIыр, республикэм и район, къалэ округ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.**

КIУЭКIУЭ Казбек жиIащ мы зэманым дуней псом къыщекIуэкI политикэ Iуэхухэм тещIыхьауэ зэIущIэ ирагъэкIуэкIыну мурад зэращIар.

- Иужьрей илъэсхэм дрищыхьэтщ ди къэралри ди Президентри нацизм гупсысэм земыгъэубгъуным, ди гъунапкъэхэм къытеуэнкIэ шынагъуэ щымыгъэIэным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм. А Iуэхухэр мамыру зэхигъэкIыну ди къэралыр хущIэкъуами, дызэхахакъым. Уеблэмэ нобэми КъухьэпIэм Украинэм и унафэщIхэр къызэщIигъаплъэ зэпытщ. Iэщэу къамыгъэсэбэп щыIэжкъым: экономикэри, хъыбарегъащIэ Iуэхухэри, политикэри. Абыхэм ехьэлIауэ ди къэралым и Президент Путин Владимир унафэ къищтар тфIэтэмэмщ икIи тфIэкъабылщ. Санкцэхэр ди къэралым къызэрыпагъэувамкIэ я гугъащ ди хэкур къарууншэ ящIыну, арщхьэкIэ дэ быдэу дызэрыIыгъыу къыщIэкIащ. Нэхъ ипэкIи Урысейр санкцэхэм мызэ-мытIэу пэщIэтащ икIи сыт щыгъуи абыхэм пэлъэщащ. Си фIэщ мэхъу иджыри ар къызэрехъулIэнур. Иджыпсту къекIуэкI Iуэхухэм я пэжыпIэм ди цIыхухэр щыгъуазэу щытын хуейщ. Ди зэфIэкIхэр КъБР-м и Парламентым къыщызэщIэткъуэжыну, адэкIэ дызэлэжьынухэри къэдгъэнэIуэну аращ нобэ ди мурадыр, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым 2021 гъэм иIа ехъулIэныгъэхэм я гугъу щищIым, къыхигъэщащ щIыналъэм къилэжьыр иджы япэу сом мелард 200-м зэрыщхьэдэхар. Республикэм езым къыщIигъэкIымрэ промышленностым епха лэжьыгъэхэмрэ къыпэкIуар сом мелард 54-м щIигъуащ. ЕхъулIэныгъэфIхэр иIэщ мэкъумэш IэнатIэми - сом мелард 68,8-рэ (абы и пэ ита илъэсым ебгъапщэмэ, проценти 110-кIэ ягъэзэщIащ). КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ республикэм и туризм Iуэхуми хэпщIыкIыу зэрызиужьар. Нэгъабэ республикэм зыгъэпсэхуакIуэу илъэсым иIам и бжыгъэр, зэи къэмыхъуауэ, цIыху зы мелуаным щIигъуащ. Сатум къыпэкIуар сом меларди 188-рэ мэхъу. ЦIыхухэм хуащIа Iуэхутхьэбзэхэм сом мелард 36,7-рэ кърикIуащ.

- Щапхъэу къэсхьа бжыгъэхэм, шэч хэмылъу, щIыналъэм и бюджетыр зэфIагъэувэ, ди экономикэр зэпIэзэрыт ящI. Псалъэм папщIэ, республикэм и хэхъуэр 2021 гъэм сом мелард 51,9-рэ хъуащ. Ар сом зы меларддрэ мелуани 100-кIэ нэхъыбэщ 2020 гъэм елъытауэ, - жиIащ КIуэкIуэм. - Мыхьэнэшхуэ яIэщ налогымрэ нэгъуэщI хэхъуэхэмри. Ахэр сом зы меларддрэ мелуан 700-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт зи гугъу сщIы хэхъуэхэр хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ къызэрыхэкIар. Ар и фIыгъэщ хьэрычэтыщIэхэм защIэгъэкъуэным, ахэр тыншу гъэлэжьэным теухуауэ едгъэкIуэкIа Iуэхухэм. ХьэрычэтыщIэхэм фIыщIэ яхузощI налог хьэлэлу зэратым, абыкIэ республикэм и бюджетыр зэрагъэнщIым папщIэ. Бжыгъэхэр къэтхьмэ, псори зэхэту налог хэхъуэхэр сом мелард 13,7-рэ хъуащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ республикэм телъ къэрал щIыхуэр нэхъ мащIэ щIынми зэрелэжьар. Къэбгъэлъагъуэмэ, ар сом мелуан 360-кIэ ягъэмэщIащ.

- Ди ехъулIэныгъэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ 2021 гъэм шыщхьэуIум и 1-м щегъэжьауэ цIыхухэм я улахуэм проценти 10-кIэ зэрытхухэгъэхъуар. А лэжьыгъэр къызэдгъэпэщыным бюджетым иджыри сом мелуан 504-рэ къыхэдгъэкIауэ щытащ. 2021 гъэм и кIэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, республикэм мазэм ику иту къыщахь улахуэр сом 31 679-рэ хъуащ, 2020 гъэм елъытауэ проценти 4,9-кIэ нэхъыбэщ, - пищащ КIуэкIуэм.

Ар тепсэлъыхьащ тхьэмыщкIагъэр къызэрапщытэми (процент 24,2-уэ щытар процент 18,2-м нэскIэ ирагъэхащ) Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьапIэншэхэм я Iуэху зытетми. Иужьрейм и бжыгъэр 2021 гъэм и пэм елъытауэ хуэди 6,7-кIэ нэхъ мащIэ хъужащ. ЛэжьапIэншэу ятхыр процент 16 хъууэ щытамэ, проценти 2,5-м нэс ехыжащ. КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ коронавирусым и зэманым лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр хэхъуауэ щытами, иджы щытыкIэр зэрефIэкIуэжар.

КъБР-м и Iэтащхьэр тепсэлъыхьащ Iэпхъуэшапхъуэхэм я Iуэху зытетми. Абы зэригъэпщащ блэкIа илъэсхэмрэ ди зэманымрэ щытыкIэр зыхуэдэр. Псалъэм папщIэ, илъэсипщI и пэ республикэм зы илъэсым къриубыдэу цIыху мини 5-рэ 548-рэ икIыу щытащ, 2017 гъэм - 2397-рэ, 2021 гъэм - 250-рэ къыхэхъуэжащ. КIуэкIуэ Казбек жиIащ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Апхуэдэуи КъБР-м и Iэтащхьэр къытеувыIащ республикэм щагъэзащIэ лъэпкъ проектхэм. Нэгъабэ абы трагъэкIуэдащ сом меларди 8,6-рэ (2020 гъэм елъытауэ сом меларди 2 хуэдизкIэ нэхъыбэ). Лъэпкъ проектхэм хыхьэу, республикэм социальнэ IуэхущIапIэхэр щызэрагъэпэщыжащ, щIыналъэхэр зэIузэпэщ щащIащ. Псори зэхэту IуэхущIапIэ 500-м нэблагъэ яухуащ е зэрагъэпэщыжащ (сом меларди 4,2-рэ текIуадэу). Лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ республикэм и гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным и лъэныкъуэкIи.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ санкцэхэм я зэранкIэ дызэрыт зэманымрэ къыкIэлъыкIуэну япэ илъэсхэмрэ гугъуу зэрыщытынур, ауэ абыхэм емылъытауэ, УФ-м и Президентым и пщэрылъхэр зэрагъэзэщIэнум хущIэкъун зэрыхуейр.

- Санкцэхэм дызэрыпэщIэтыфыну Iэмалхэр къэралым иубзыхуащ. Абыхэм ящыщщ экономикэр зэпIэзэрыту Iыгъыныр, лэжьапIэ IэнатIэхэр цIыхум яфIэмыгъэкIуэдыныр, щытыкIэ гугъу хэхуахэм защIэгъэкъуэныр, уасэхэр зэтеIыгъэныр. Мы лэжьыгъэхэм кIэлъыплъыну УФ-м и Правительствэм и комиссэ яубзыхуащ. Ди республикэми Iуэхухэр зэщIэзыгъэуIуэ штабхэр щыдгъэбелджылащ икIи зэрыхъукIэ ди къэралым и Президентым и пщэрылъхэр зэрыдгъэзэщIэным дыхущIэкъунущ. Иджыпсту нэхъыщхьэр цIыхухэм защIэдгъэкъуэнырщ, цIыхур ирипсэун щхьэкIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм хэгъэхъуэнырщ, тхьэмыщкIагъэр дгъэмэщIэнырщ, - дыщIигъуащ КIуэкIуэм.

КъБР-м и Iэтащхьэр пыухыкIауэ тепсэлъыхьащ зэман гъунэгъум узыншагъэр хъумэнымкIэ, мэкъумэш, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ IэнатIэхэм, щIалэгъуалэм ядэлэжьэным ехьэлIауэ республикэ унафэщIхэр зэлэжьыну Iуэхухэм.

*Гу зылъытапхъэ:* КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм щыжиIар зэрыщыту тетынущ ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



# ЩIыналъэм и Iэтащхьэр кIэлъоплъ

**КIуэкIуэ Казбек езым и нэIэ щIигъэуващ республикэм и цIыхухэу гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэм хэхуахэм хуащIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым.**

«MERCEDES-BENZ GLS», «Форд Транзит» автомашинэхэр щызэжьэхэуащ Прохладнэ районым хыхьэ Учебнэ къуажэм и Iэгъуэблагъэм. Къат хъыбархэм къызэрыхэщымкIэ, «Форд Транзит»-м исащ цIыхуи 10, етIуанэ машинэм - цIыхуи 2. Лей зытехьахэм сабийуэ 8 яхэтщ, нэхъыщIэ дыдэм и ныбжьыр илъэсрэ ныкъуэрэ, нэхъыжьыр илъэс 18 хъууэ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам гъуэгу къэхъукъащIэхэм хэхуахэр здаша Республикэ клиникэ сымаджэщым занщIэу кIуащ. Псоми я щытыкIэр дохутырхэм къапщытащ, дэтхэнэми, я хьэлъагъкIэ зэщхьэщыкIыу, удын, дыркъуэ зэхуэмыдэхэр ягъуэтащ. Зы цIыкIум и щытыкIэр тIэкIу нэхъ хьэлъэу Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым ирагъэшащ. Гъуэгу къэхъукъащIэм фэбжь хэзыхахэм зыхуэныкъуэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр зыхуей хуэзэу хуащIэнущ.



# Шабзауэ нэхъыфIхэр

**Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт еджапIэм щызэIущIащ узыншагъэкIэ сэкъат зиIэхэм я школым и гъэсэнхэмрэ шабзэкIэ уэнымкIэ Урысейм и паралимп гупым хэтхэмрэ.**

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, абы и къуэдзэ **Къардэн Мурат**, Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ туризмэмкIэ комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Арсен**, депутатхэу **Бечеловэ Людмилэ**, **Мечукаев Алихъан** сымэ.

Егоровэ Татьянэ спортсменхэм защыхуигъазэм, жиIащ ахэр зыхэт спорт лIэужьыгъуэм кIэлъыплъыну езыми зэрыфIэфIыр.

- Шабзэр Iэщэ нэхъ пасэрей дыдэхэм ящыщщ. АбыкIэ захъумэжырт икIи ирищакIуэрт. КъищынэмыщIауэ, нэхъ пасэу къежьа спорт лIэужьыгъуэхэми ар ящыщщ. Апхуэдэ тхыдэ къулейрэ хабзэрэ къызыдекIуэкIыу мащIэщ щыIэр, - къыхигъэщащ Егоровэм. - Пэжщ, лъэхъэнэ гуэр диIащ дунейпсо олимп Iуэхухэм шабзэкIэ уэныр щыхагъэкIа. Ауэ мы спорт лIэужьыгъуэм и телъыджагъэрщ ар гъэмахуэ джэгухэм иужьым къыщIыхагъэхьэжар. ШабзэкIэ уэзэхьэзэхуэныр адрейхэм куэдкIэ къащхьэщокI, къарукIэ мыхъуу, нэхъыбэу хьэлкIэ зыхуэбгъэхьэзырын хуейщи. ЦIыху къызэрыгуэкIыр спортсмен цIэрыIуэ щыхъур и хьэлыр ипсыхьыфмэщ, ерыщу и текIуэныгъэм хущIэкъумэщ. Си фIэщ мэхъу а хьэлыфIхэм хуэдэ дэтхэнэ зыми зэрыфхэлъыр. Абы и щыхьэтщ Паралимп джэгухэм, Европэ, дунейпсо чемпионатхэм къыщыфхуагъэфащэ дамыгъэ лъапIэхэмрэ «спортымкIэ дунейпсо класс зиIэ мастер» цIэр къызэрыфхуэхьэхумрэ.

Егоровэ Татьянэ дыщIигъуащ иужьрей зэманым спортыр политикэ Iуэхухэм-кIэ къагъэсэбэп зэрыхъуар зэрижагъуэр.

- Иджыпсту ди спортсменхэм къыхуащI лъэпощхьэпохэм хуэдэ зэи щыIакъым. Хабзэми спортми къезэгъыркъым урысей спортсменхэр дунейпсо зэхьэзэхуэхэм хамыгъэтыну зэрыхущIэкъур. Шэч хэмылъу, ар ди къэралым зэран къыхуэхъуну хъуапсэхэм къагъэсэбэп Iэмалхэм ящыщу аращ. Абыхэми емылъытауэ, фэ адэкIи фи зэфIэкIхэм зэрыхэвгъэхъуэнум фыхущIокъу, сызэреплъымкIэ, ар текIуэныгъэм хуэкIуэ гъуэгущ. ЕхъулIэныгъэшхуэхэр фиIэну сынывохъуэхъу, - яжриIащ ныбжьыщIэхэм Егоровэ Татьянэ.

Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ зи узыншагъэкIэ сэкъат зиIэхэм ятеухуа спортым зегъэужьыным республикэм гулъытэ хэха зэрыщыхуащIыр. КъБР-м и Парламентым и нэIэ тетщ мы школым икIи абы зыщызыгъасэ щIалэгъуалэм я ехъулIэныгъэхэм депутатхэр щыгъуазэщ. Егоровэ Татьянэ гъэсакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, я лэжьыгъэм гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтым папщIэ. Абы КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр яхуигъэфэщащ школым и унафэщI Кулюшин Александррэ гъэсакIуэ Кулюшинэ Натальерэ.

Спортсменхэм псалъэ гуапэ жраIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат, КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур сыми.

Урысейм и паралимп гуп къыхэхам и гъэсакIуэ, шабзэкIэ уэнымкIэ паралимп чемпион Шестаков Олег тепсэлъыхьащ щIалэгъуалэм я ехъулIэныгъэхэм, я мурадхэм, паралимп зэщIэхъееныгъэм зэрызиужьа щIыкIэм, УФ-м и паралимп гуп къыхэхам увыпIэ нэхъ лъагэ дыдэхэр дунейпсом зэрыщиIыгъым, нэгъуэщIхэми.

Дунейм щэнейрэ чемпионкэ щыхъуа, Токио щекIуэкIа Паралимп джэгухэм къыщыхэжаныкIа Крутовэ Еленэ Егоровэ Татьянэ тыгъэ хуищIащ Токио джэгухэм хэта урысей спортсменхэм я IэщIэдзхэр зытет олимп открыткэр.

Урысейм и шабзауэхэм я гупым хэтхэм я Iэзагъэр а махуэм ягъэлъэгъуащ. Зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэ Джиоевэ Анастасиерэ Гомбожапов Александррэ я шабзэхэр нэщанэм зэрытрагъахуэм удихьэхыу уеплъырт.

ШабзэкIэ уэнымкIэ Урысей паралимп гупым хэтхэр нэхъ и пэкIи республикэм къэкIуауэ щытащ - 2020 гъэм спортсменхэр Токио зэрыкIуэным зыхуагъэхьэзыру щыIащ. Мы гъэм абыхэм Налшык къалэм зыщагъэсэнущ накъыгъэм и 23 пщIондэ. Гупым зыхуегъэхьэзыр Беларусым щекIуэкIыну дунейпсо зэхьэзэхуэхэм.

- Кулюшин Александр и фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэмал псори щаIэщ шабзэкIэ уэным зыхуагъэсэным теухуауэ. Республикэм и спортсменхэм ехъулIэныгъэфIхэр къыщагъэлъагъуэ урысейпсо зэпеуэхэм. ТекIуэныгъэ куэд иджыри яIэну дохъуэхъу. Ди гупым къыхыхьэну хуейхэр ди гуапэу къыдогъэблагъэ, - жиIащ Шестаков Олег.

ХьэщIэхэм щхьэхуэу фIыщIэ хуащIащ «Пять колец» спорт еджапIэм и унафэщI Ахъмэт Амир, зэхуэсыр къызэрызэригъэпэщам папщIэ. ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ яфIэгъэщIэгъуэну еплъащ «Шагъдий» ансамблым хэтхэм я къэфэкIэм.



***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***





# ЛъэужьыфIэу Iэужьыбэ

**ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зэрихьэу Нартан къуажэ дэт унэ-музейм накъыгъэм и 18-м щагъэлъэпIащ Музейхэм я дунейпсо махуэр.**

ЗИ псалъэр нахуэ, акъылыр жан, щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэу псэуа ПащIэ Бэчмырзэ и Iэужьыр бейт, лъэужьыр дахэт. Аращ абы нобэми и щхьэр зыгъэлъапIэр. Бэчмырзэ псэуху телэжьащ адыгэ тхыбзэр, тхыдэр нэхъ дахэ, нэхъ къулей щIыным. «Жьапщэ мыгъуэ», «Гъатхэ», «Си щIыпIэм папщIэ», «Жьы хъуар гу махэщ», «Дуней ухуэныр - щIэныгъэ Iуэхущ», «Уэ щIакIуэфI уимыIэу...», «Уэсят» «ГъащIэм и уасэ зыщIэр», «Фызыжь», «Зэманыр псынщIэу йокIуэкIыр...» усэхэр нобэми «бзэгупэм телъу кърахьэкI», - жыхуаIэм хуэдэщ. Сыт и уасэ Бэчмырзэ и «Псалъэ пэжхэм»?! Абы и дэтхэнэ тхыгъэми адыгэхэм я псэукIар, зэхэтыкIар, а зэманым къекIуэкIа Iуэхугъуэ куэд къыхощыж. И лэжьыгъэ щхьэпэхэр адыгэ тхыдэм къыханащ. ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. Абы и фэеплъ музей дэтщ къыщалъхуа къуажэм, Бэчмырзэ и цIэр зэрехьэ Нартан дэт курыт еджапIэхэм я зым.

Адыгэ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъауэ къалъытэ ПащIэ Бэчмырзэ и щIыхьыр ягъэлъэпIэну музей бжэIупэм дыгъуасэ щызэхуэсат Шэджэм щIыналъэ, Нартан къуажэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр, нэхъыжьыфIхэр, къуажэдэсхэр, школакIуэ цIыкIухэр.

Илъэс къэси хуэдэу, пшыхьыр къызэзыгъэпэщар музейм и унафэщI ПащIэ Еленэщ. Ар къызэIуахащ лъэпкъым, хэкум хуэгъэзауэ Бэчмырзэ итха хъуэхъумкIэ.

Нартан къуажэ Iэтащхьэм и къуэдзэ **Фырэ Любэ** Iуэхум зыкърезыгъэхьэлIахэм фIэхъускIэ захуигъэзащ.

- Щхьэусыгъуэ дахэкIэ дызэхуэсащ. Къуажэдэсхэр ПащIэ Бэчмырзэ къызэрымыкIуэу дрогушхуэ, абы и фэеплъ музей дызэриIэм дыщогуфIыкI. КъищынэмыщIауэ, жылэм дэт курыт еджапIэ №1-м Бэчмырзэ и цIэр зэрехьэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ республикэм и щIыпIэ куэдым къикIыурэ хьэщIэхэр щIэх-щIэхыурэ къызэрытхуеблагъэр. Лъэпкъ, лIакъуэ къэс и щхьэр зыгъэлъэпIэн адыгэлIхэр къахэкIыну, апхуэдэхэм яхуэфащэ пщIэ ялъыдгъэсыну си гуапэщ, - захуигъэзащ абы къызэхуэсахэм.

Шэджэм щIыналъэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Псынокъуэ Тимур** адэкIэ псалъэ иратащ.

- ЩIыналъэм и унафэщIым и цIэкIэ, сэ къызбгъэдэкIыу мы Iуэху дахэмкIэ музейм и лэжьакIуэхэм дынывохъуэхъу. Ди тхыдэр, хабзэр, Iэужьыр егугъуу зыхъумэр, зезыхьэр фэращ, Тхьэм фыхущIигъэхьэ, - жиIащ абы.

Унэ-музейм щIэлъ хьэпшыпхэр, дэфтэрхэр, сурэтхэр зэрызэхуахьэсам кIэщIу щыгъуазэ ящIащ къызэхуэсахэр.

Музейр фIыуэ зылъагъухэм, абы и лэжьакIуэхэм яхуэгъэзауэ щытащ Налшык дэт Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс и псалъэр.

- Лъэпкъым и тхыдэр, и псэр зыхъумэр, ар щIэблэм пэжу ябгъэдэзылъхьэр музейхэрщ. Лъэпкъыр къызэтенэн папщIэ абы къалэн ин егъэзащIэ. ПащIэ Бэчмырзэ и тхыгъэхэр, и адыгэбзэ дахэр, абы къытхуигъэна Iэужьыр къыпхуэмылъытэну бейщ. Дывгъэхъумэ а дахагъэр! - жиIащ Накуэм.

Пшыхьым Бэчмырзэ и IэдакъэщIэкI къыхэхахэм къыщеджащ, усакIуэ цIэрыIуэм и гъащIэм щыщ теплъэгъуэхэм я гугъу ящIащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Экономикэ | Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

## Зы цIыху закъуэм папщIэ газет



**Газетым и мыхьэнэр къызэрагъэлъагъуэ пщалъэхэм язщ ар зыIэрыхьэ цIыху бжыгъэр. Ауэ хэт и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнт зы цIыху закъуэм щхьэкIэ газет ягъэхьэзырынкIи хъуну?!**

САЛАЗАР Антониу дунейпсо тхыдэм ткIиягъкIэ къыхэна тепщэхэм язщ. «Диктатор» - узыIурыIэбэ мыхъуну унафэщI еру. Дауэ иджыри а псалъэм и мыхьэнэр къызэрыбгъэлъэгъуэнур? «Езым фIимыгъэжар хьэрэмщ», - жаIэ адыгэхэм. Апхуэдэ тепщэ зыбжанэ щыIащ XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм, ауэ Салазар нэхърэ нэхъ зэкIуэцIылъ абыхэм яхэмытауэ хуагъэфащэ. Абы игъэхъа псом зэкIэ и Iуэху зетхуэркъым. НобэкIэ зи жэуап къэтлъыхъуэр зы упщIэщ. Салазар игу ирихьын фIэкIа ирамытхэу, зы газет закъуэ абы щхьэкIэ къыдагъэкIыу щытар пэж?

Салазар Антониу къызэрежьар экономистущ. Езыр къызыхэкIар католик унагъуэти, дин лэжьакIуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэр къиухыу, щихънагъ хъуным щIэхъуэпсрэ пэт, зэрымыщIэкIэ къыщыхутащ хабзэр щадж факультетым. Ар къиухри, а еджапIэ дыдэм экономикэмкIэ егъэджакIуэу къагъэнэжауэ щытащ. Зэман докIри, Салазар Португалием и президентыщIэм ирегъэблагъэ мылъку IуэхухэмкIэ министру лэжьэну. ИлъэсиплI фIэкIа дэмыкIыу, егъэджакIуэр премьер-министр хъуащ икIи илъэс 36-кIэ Португалиер и IэмыщIэм илъащ.

1968 гъэм хьэмэмым къыщытехуа нэужь, Салазар и щхьэм лъы дэуеят. Премьерыр занщIэу операцэ ящIри, лIэныгъэм кърагъэлащ, укъимыщIэу махуэ зыбжани дэкIащ. Хуэмурэ нэхъыфI хъужа щхьэкIэ, и къалэныр хуехьэкIынутэкъыми, Португалием и президент Томаш Америку Салазар и пIэм нэгъуэщI цIыху иримыгъэувэу хъуакъым.

Дохутырхэм тегъэчыныхьауэ псоми къыгурагъэIуат Салазар и IэнатIэм зэрытрагъэкIар жепIэ зэрымыхъунур, а хъыбарым илIыкIынкIэ зэрышынагъуэр. Арати, цIыхугъэ зэрахэлъым и щыхьэт хъуа хэкIыпIэ гъэщIэгъуэн къагупсысащ Салазар и лэжьэгъухэм, я премьерыр нэхъыбэрэ ягъэпсэун щхьэкIэ. Махуэ къэмынэу, министр гупыр зи Iэпкълъэпкъым и щIэлъэныкъуэр иубыда я унафэщIу щытам деж къакIуэурэ, щхьэж и къалэныр зэригъэзащIэм къыхутепсэлъыхьырт, унафэщIэ зыхурагъэщIырт, лэжьыгъэр зэпымыуххам хуэдэу. Абы ищIыIужкIэ, Салазар нэхъыфI дыдэу илъагъу, махуэ къэс къыдэкI «Хъыбарыщ Iэхэр» («Diário de Notícias») газетым имытыпхъэ имыту, сымаджэм и гуапэ мыхъун зыри къыхамыгъахуэу, хутрадзэрт. Зы газет закъуэ! Уеблэмэ франджы газетым и журналистыр къагъакIуэри, инервью ирырагъэтауэ щытащ. Салазар США-р фIыуэ илъагъуртэкъыми, американхэр мазэм зэрылъэтар газетым традзакъым. ЦIыхухэм зыкъызэраIэтари кърагъэщIакъым. Правительствэм хэтхэр зэрахъуэжари щабзыщIащ. А псом и фIыгъэкIэ, инсульт нэужьым иджыри илъэситIкIэ псэужауэ щыташ Салазар.

ЦIыхугъэм сыт хуэдэ зэмани и чэзущ.

## Пенсэ кIуэгъуэмрэ ныбжьымрэ

**Финляндием къыщыдэкI «Илта-Саномат» («Пщыхьэщхьэ хъыбархэр») газетыр топсэлъыхь цIыхур пенсэм кIуэуэ лэжьыгъэм къыщыпэрыкI ныбжьым зэрызихъуэжым. Ар елъытащ щIыналъэм сабийуэ къыщIэхъуэм и бжыгъэм хэщIын зэрыщIидзэм, цIыхур зэрыпсэу хабзэ илъэс бжыгъэм зэрыхэхъуэм, къинэмыщIхэм.**

ФРАНДЖЫМ иджыблагъэ щекIуэкIа президент хэхыныгъэхэми и гугъу щащIащ цIыхухэр лэжьыгъэм къыпэрыкIыжу пенсэм кIуэн хуей ныбжьыр къэралым къыхигъэув пенсэм хэпсэукIын щIыщIидзэ ныбжьыр зэрыдэгъэуейм. ТекIуэныгъэр зыIэрыха Макрон Эммануэль а ныбжьыр илъэс 65-м нэс дригъэкIуеину зэримурадыр фIэзахуэтэкъым абы и хьэрхуэрэгъуу щыта Ле Пен Марин. Иджыпсту Франджым щыхабзэ пенсэ кIуэгъуэр илъэс 62-щ. Ар дуней псом нэхъ мащIэу къыщалъытэхэм язщ. Ауэ нэхъ пасэжуи пенсэм ущагъакIуэ къэралхэри щыIэщ.

Псалъэм папщIэ, Австралием илъэс 59-рэ ирикъуа цIыхур пенсэ зыхуэфащэхэм щыхабжэ. Ар жызыIэ Видлунд Викэ Финляндием и Пенсэ Iуэхухэр зезыгъэкIуэ центрым и унафэщIщ. Къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыхабзэр зэригъапщэурэ, финн къулыкъущIэр Урысейми къоIэбэ: «Урысейм цIыхубзхэм я пенсэ кIуэгъуэм и нэхъ мащIэр - илъэс 56-рэ мазихрэщ, цIыхухъухэм - илъэс 61-рэ мазихрэ. Китайм щыщ цIыхухъухэр пенсэм кIуэну хуитщ я ныбжьыр илъэс 60 ирикъуамэ. ЦIыхубзхэм апхуэдэ Iэмал къахукъуэкI илъэс 60-м, 55-м, 50-м. Ар зэлъытар зыут IэнатIэмрэ я IэщIагъэмрэщ.

Исландием пенсэм ущыкIуэн щхьэкIэ, уи ныбжьыр 67-м нэсын хуейщ. Ар дунейм щынэхъ лъагэхэм хабжэ. Дэнэ къэрали игъуэр къэмысауэ ущагъэтIысынкIэ хъунур IэпкълъэпкъкIэ умыузыншэмэщ.

Дызыщыт зэманым къэрал куэдым пенсэ кIуэгъуэм зыщехъуэж цIыхум къигъащIэ илъэс бжыгъэм хэхъуэмэ е сабийуэ къалъхум я бжыгъэм кIэрыхун щIидза нэужь. Араци, цIыхур зэрыпсэу илъэс бжыгъэм хэхъуэу, пенсэм щыкIуэ ныбжьми зихъуэжыну хуагъэфащэ.

Лэжьэфу цIыхубэм яхэтым я бжыгъэм хэщIмэ, экономикэр дэмыхуэхын папщIэ, пенсэ ныбжьыми хамыгъахъуэу хъунукъым, ныбжь зиIэхэри лэжьэфын хуэдэу. Пенсэ ныбжьым щыхагъахъуэр езы пенсэм и инагъым кIэрыхьэкIын щхьэкIэщ.

Пенсэ щагъакIуэ ныбжьым зэрыхагъахъуэм игъэгузэвэр франджы цIыхубэм я закъуэкъым. Экономикэм сыт хуэдизкIэ къатрикъуэзэми, политикхэм я дежкIэ тыншкъым ар ягъэтыну. Видлунд зэрыжиIэмкIэ, политикэр и щхьэусыгъуэу, Ирландиэмрэ Нидерландхэмрэ пенсэ ныбжьыр драгъэкIуеин щагъэтащ. Хабзэм къыпекIуэкI дэчыхыныгъэ гуэрхэри хэлъщ мы Iуэхум. Псалъэм папщIэ, зэпымыууэ зы лэжьапIэм уIутамэ, уи хъэтыр ялъагъупхъэщ. Абы нэмыщI, «IэщIагъэ пенсэ» жаIэри зыгуэр щыIэщ.

Италиеми Исландиеми пенсэ ныбжьыр илъэс 67-м нос. Ауэ илъэс 38-кIэ зэпымыууэ улэжьамэ, уи ныбжьыр 64-рэ фIэкIа умыхъуу утIысыжыфынущ.

Эстониемрэ Словакиемрэ пенсэм илъэси 3 - 5-кIэ нэхъ пасэу ущыкIуэфынущ сабий бжыгъэм и фIыгъэкIэ. Чехиеми цIыхур пасэу пенсэм зэрыжагъэкIуэн Iуэху щызэрахуэ, ауэ а зэхъуэкIыныгъэхэр 2036 гъэ пщIондэ екIуэкIыну къыщIэкIынщ.

Пенсэ щагъакIуэ ныбжьым хагъэхъуэн-хагъэщIыныр нэхъыбэу зэлъытар, зэрыжытIащи, ику иту къэралым ис цIыхум къигъащIэ илъэс бжыгъэрщ. Ар щымардэщ Финляндием, Нидерландхэм, Италием, Альыджым, Данием, Чехием, Эстонием, Португалием, Кипрым.

Финляндием пенсэ ныбжьыр 2030 гъэм ирихьэлIэу щыдрагъэкIуеину загъэхьэзыр. Абы хиубыдэнущ 1965 гъэм и ужькIэ къалъхуахэр. 1958 гъэм къалъхуахэр нэхъ пасэ дыдэу пенсэм щыкIуэфынур илъэс 64-рщ. Илъэс къэс мазищкIэ игуэтурэ, 2027 гъэм ар хуэкIуэнущ илъэс 65-м.

Португалием къыщагъэхъуахэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар коронавирус узырщ. Абы и зэранкIэ гъащIэр нэхъ кIэщI зэрыхъуам къыхэкIащ пенсэм щыкIуэ ныбжьыр нэхъ зэрагъэмэщIар.

Португалием нэмыщI, нэхъ пасэу пенсэм кIуэн щыщIадзащ Польшэм. Ар къалэн зыщищIыжар тепщэгъэуэ зыIыгъ партым пэщIэт «Хуитыныгъэмрэ захуагъэмрэ» зыфIэзыщыжам. Ле Пен ещхьу, цIыхур нэхъ пасэу пенсэ гъэкIуэныр хэхыныгъэм къыщагъэIэтри, 2017 гъэм текIуа нэужь, жаIар ягъэпэжауэ щытащ. Абы и фIыгъэкIэ цIыхухъур 67-м и пIэкIэ 65-м, цIыхубзхэр 63-м и пIэкIэ 60-м пенсэм кIуэуэ хъуащ.



## Адыгэхэмрэ гъуэтхэмрэ

**Гъуэт тхыдэтх Иордан къызэринэкIа тхыгъэхэм тепщIыхьмэ, ди лъэхъэнэм и III лIэщIыгъуэм къызэрехьэжьауэ щытащ гъуэтхэр - пасэрей герман лъэпкъыр. Ахэр Урым пащтыхьыгъуэм и щIыналъэм итIысхьэну, яхьэхуну щIэхъуэпсырт. Лъэпкъхэр зэхэIэпхъукIрэ щIыналъэщIэхэр зауэ-банэкIэ щаубыд лъэхъэнэт ар. Илъэс куэдкIэ екIуэкIа гъуэт зауэм и Iэужьу ахэр Фрикием итIысхьащ, джатэкIи щIыналъэ зыбжанэ яубыдащ.**

АДЫГЭМ и тхыдэми къыхощыж зэгуэр Европэр зыгъэгулэза гъуэтхэм я цIэр.

Дау зэкъуэшибгъум я хъыбар нобэм къихьэсащ ди IуэрыIуатэм. ЗэрыжаIэжымкIэ, а лъэхъэнэм адыгэхэм я гъуазэр Дау Бахъсэнт. Даухэ зэкъуэшибгъурэ зы хъыджэбз закъуэрэ яIэт. Гъуэтхэр адыгэ щIыналъэм къыщебгъэрыкIуэм, зэкъуэшхэр зауэм кIуащ икIи зы къэмынэу псори хэкIуэдащ. Зэрыбыным я нэхъыщIэу я шыпхъу закъуэм и дэлъхухэм я хьэдэр шыгукIэ кърищэлIэжри, Бахъсэн ныджэм щыщIилъхьэжауэ жаIэ. А зэман жыжьэм Бахъсэныпсым нэгъуэщIыцIэщ зэрихьэу щытар. Ауэ зэкъуэшибгъум я нэхъыжь, дзэм и пашэу зауэм хэта Бахъсэн и цIэр псым фIащыжащ. Даухэ я щIалэхэм гъуэт зауэм щызэрахьа лIыгъэм и фэеплъ тхыдэм къыхэнэн папщIэ, я шыпхъум и унафэкIэ алыджхэм мывэ сын ягъэжауэ жаIэ.

Мыбдеж гу лъытапхъэщи, Дау зэкъуэшибгъум я хъыбарым теухуауэ тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэ къаIуатэр зэтохуэ.

Гъуэтхэм къазэуа щIыналъэхэр зэгуагъэхьэжри, къэралыгъуэ къызэрагъэпэщат. Урысейм и европей лъэныкъуэр - Балтий хым къыщыщIэдзауэ хы ФIыцIэм къэсу - зэрыщыту хиубыдэрт абы. А лъэхъэнэ жыжьэм КъуэкIыпIэмкIэ къыщызэрехьэжьа гуннхэм дунеижьыр яхьэхуным хуэдэу къызэрыгъэбэтати, абыхэм я дамэ щIэт лъэпкъхэмрэ щIыналъэхэмрэ къащхьэщыжу дзэшхуэ къагъэуври, КъухьэпIэмкIэ къыщыунэхуа гъуэт къэралыгъуэр зэтракъутащ, яубыда щIыналъэхэри къыIэщIагъэкIыжащ. Апхуэдэу щыхъум, гъуэтхэр Къырымым итIысхьащ. Ауэ герман лъэпкъхэм апхуэдэу тыншу зыкъатыну махэтэкъым. Я къару къызэрыгъуэтыжыху заIэтрэ, гуннхэм ебгъэрыкIуэу, мыдрейхэри къимыкIуэту куэд дыдэрэ къызэрехьэкIащ. ИкIэм-икIэжым гъуэтхэм я лъэр щIэхущ, мащIэ къызэрыгъэхъури, тIуащIэм дэкIыу, хы ФIыцIэм и адрыщI - Кавказым - итIысхьэн хуей хъуащ. Абдежым гъуэтхэр бгырыс хъуащ икIи кавказ лъэпкъхэм хэшыпсыхьыжауэ жаIэ. Абы и щыхьэту адыгэхэм къахуэнащ лъэпкъыцIэу Гъуэтокъуэ, Гъут, нэгъуэщIхэри.

**ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.**

## ФIэщ щIыгъуейщ

Мы хъыбар телъыджэр 2001 гъэм Миссисипи штатым хыхьэ Оушен-Спрингс къыщыхъуащ. Илъэси 8 ныбжьым ит Арбогаст Джесси зигъэпскIыу хым хэсу метри 2 хъу акулэ къытеуэри, и Iэр пидзэкъыкIат. Ар и нэгу щIэкIащ щIалэ цIыкIум и анэ дэлъху Флозензьер Вэнс. ЦIыхухъум псым зыхидзэщ, акулэм и кIапэр иубыдри, хым къыхилъэфащ. КъэхъукъащIэр зылъэгъуа гуэрым акулэм фочкIэ еуэри, иукIащ. Асыхьэтуи псэущхьэм и кIуэцIым кърахыжащ Джесси и Iэ пичар. Сабийр псынщIэу сымаджэщым нагъэсащ икIи акулэм къыкIуэцIахыжа и Iэр падэжащ. Операцэр хъарзынэу зэфIэкIащ, Джесси и Iэри пыкIэжащ. Ар телъыджэщ, ауэ нэхъ гъэщIэгъуэныжыр цIыхур щыгужьеям деж къылъыкъуэкIыну къарури хузэфIэкIыну псори зыми зэримыщIэрщ, абы мис мыпхуэдэ къэхъугъэхэм деж зэрызыкъигъэлъагъуэрщ.



* * *

Утконос псэущхьэ гъэщIэгъуэныр Австралием щопсэу. Япэ дыдэ ар европей щIэныгъэлIхэм щалъэгъуам пыпхэ я гугъащ икIи псэущхьэр зыхиубыдэ лIэужьыгъуэр къахуэмыщIэу, зэман кIыхькIэ яджащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, а зыращ бзуми, хьэпщхупщми, шэрыпIхэми я геныр зыхэлъу дунейм тетыр. Абы и закъуэкъым утконосым укъызэригъэуIэбжьыр:

- Шхыныр щахуэмыгъэныщкIум деж я жьэм мывэкIэщхъ жьэдалъхьэри, абыкIэ яхьэж.
- Гъаблэм къыхуэсэбэпыну пшэрыр я кIапэм щызэхуахьэс.
- Ахэр жэщым мэлажьэ, махуэкIэ мэжей.
- Утконосыр набгъэщ, къищынэмыщIауэ, псы лъабжьэм мэ къащыщIихьэркъым, хьэфиз дыдэ, дэгу щохъу. Дауэ-тIэ, ахэр зэрыщакIуэр?! Псэущхьэхэм къапкърыкI электрокъарур зэрызыхищIэ гуэркIэ къызэгъэпэщащ ар. Апхуэдэущ шхын къызэрилъыхъуэри.
- Утконосым и щIэблэр шэкIэ ипIу къигъэщIами, абыхэм бынжи шхуэли яIэкъым! Утконос анэм бзухэм хуэдэу джэдыкIэ егъэтIылъри, кърещ, и щыфэм шэ къызыпхивыр цыпэмкIэ щыпожыжри, ар щIэжьейхэм ябзей.
- Мы псори къэплъытэмэ, утконосым и Iуэхур зэхэзэрыхьащ хуабжьу. Арами, ар шэрыпI псэущхьэхэм хабжэ.

* * *

Къэралым дежкIэ цIыху нэхъ сэбэпыншэр лъакъуэрыгъажэм тесхэрщ. Абыхэм транспорт налог ятыркъым, машинэ къащэхун папщIэ ахъшэ щIыхуэ къэралым къраIыхыркъым, машинэ пкъыгъуэхэр къащэхуркъым, гъэсыныпхъэм ахъшэ трагъэкIуадэркъым. КъищынэмыщIауэ, зэпымычу я лъакъуэр зэрылажьэм къыхэкIыу езыхэр узыншэщи, хущхъуэ къащэхуркъым. Аращи, абыхэм къэралым папщIэ зы сом ямыгъэкIуэду къыщIедз.

* * *

Китай актер Чан Джекки зымыцIыху щыIэу къыщIэкIынкъым. Ар хэтащ фильми 114-м икIи ролым и Iыхьэ нэхъ шынагъуэхэр зыгъэзащIэ дэIэпыкъуэгъу зэи иIакъым. Дэлъеин, къехуэхын, джэрэзын, зэзэуэн... Псори езым игъэзэщIэжащ. Абы и Iэужьу Чан Джекки и щхьэм къыщыщIэдзауэ и лъэпхъуамбэ жьакIэм щиухыжу зэ имыкъутауэ зы къупщхьэ иIэкъым! Арами, абы и ягъэкIэ зэи зы фильм къызэтрагъэувыIакъым, псори и кIэм нигъэсащ. 1962 гъэ лъандэрэ кином хэтми, дэтхэнэ зы актёрри зыщIэхъуэпс «Оскар»-р Чан къыщыхуагъэфэщар 2016 гъэрщ - «Кинематографием хуищIа и хэлъхьэныгъэхэм» папщIэ.

* * *

ЦIыхум зыгуэр щыхузэхуэмыгъэхъум деж абы иробампIэ, ирогузавэ. Ауэ, зэман дэкIа нэужь, узэрыхуейуэ уи Iуэхур зэрымыхъуари нэхъыфIу къыщIедзыж. Апхуэдэу, 2001 гъэм фокIадэм и 11-м Нью Йорк къыщыхъуа щIэпхъаджагъэм Джексон Майкл хэкIуэдэнкIэ хъунут, жэщ ныкъуэкIэ и анэм телефонкIэ епсалъэу щымысамэ. ЖейкIэ иримыкъуа уэрэджыIакIуэр къэмыушыфу, зэIущIэм къыкIэрыхуащ. А зэIущIэр пщэдджыжьым жьыуэ щекIуэкIын хуеящ щIэпхъаджагъэхэм къагъэуа унитIым я зым.

* * *

1998 гъэм Новэ Зеландие и хъупIэхэм ящыщ зым щыкIуэдащ иужьыIуэкIэ Шрек зыфIаща мэлыр. Ар илъэси 6-кIэ къэтауэ къекIуэлIэжауэ щытащ 2004 гъэм. КъызэрыщIэкIамкIэ, Шрек бгым итащ хъуакIуэу, жэщкIэ бгъуэнщIагъхэм зыщигъэпщкIуу. Мэлыр хъупIэм къезыхулIэжар дыгъужьхэрщ! Илъэсихым къриубыдэу Шрек апхуэдизкIэ цы Iув къытекIати, дыгъужьхэм ар зэрыпхамыдзэкъыкIыфым ирибампIэщ-ирибампIэри, мэлыр къырым кърахужащ. Телевиденэр къарагъэблагъэри, мэлым и цыр ящауэ щытащ къэрал псом ялъагъуу. Шрек цы килограмм 27-рэ къытекIащ икIи абы цIыхухъу джэдыгуи 10 къыхащIыкIыжащ.

*Хъыбархэр зэхуэзыхьэсар*
**ФЫРЭ Анфисэщ.**

## Ассанж Джулиан Америкэм иратыж

**Инджылызым и суд нэхъыщхьэм унафэ къищтащ илъэсипщI хъуауэ Лондон тутнакъыу щаIыгъ журналист Ассанж Джулиан США-м ирагъэшэжыну.**

IУЭХУР зыIутыр и чэзум къэпщIэныр Iэщэм щыхуагъэдэ нобэрей дунейм. «Псори пщIэмэ, пщIэнур уощIэ», - ар и псалъафэщ «Викиликс» интернет хэщIапIэр къызэзыгъэпэща Ассанж Джулиан. Лажьэ зимыIэ программист Iэзэр докIуадэ демократием и уэчылу зыкъэзыгъэлъагъуэ США-мрэ инджылызымрэ я зэхуакум. Мэлыжьыхьым и 20-м инджылыз судыр, щIалэм и тхьэусыхафэр Iумпэм ищIри, илъэси 175-кIэ тутнакъэщым исыну пцIы защIэкIэ тезыр къыщытралъхьа Америкэм иратыжынымкIэ арэзы хъуащ.

Зы цIыху губзыгъэ дунейм теткъым мы щIалэр зэрагъэкъуаншэ щхьэусыгъуэ 17-р тегъэщIапIэ ямыIэу зэрыкIэрацIэлъыр, и жьэр зэщIрагъэпIэн, зэрынэрылъагъущи - дунейм трахужын щхьэкIэ зэрызэIуащам шэч къытрихьэу. 2010 гъэ лъандэрэ къокIуэкI зи гугъу тщIы хейщIакIуэ IуэхуР. Ассанж хуамыгъэгъур абы «Викиликс»-м кърилъхьа дэфтэр щIэхъумахэр америкэ тепщэгъуэм зэрихьэ лейм и щыхьэту къызэрыувырщ. Ассанж къигъэнэIуа тхылъымпIэхэм я зэранкIэ е я фIыгъэкIэ, хэхыныгъэм Клинтон Хиллари щыхилъафэри, Трамп Дональд щытекIуауэ щытащ. ИкIэм-икIэжым «урысхэм я Iуэху дэбгъэкIащ» жаIэри, ари хуэбгъэгъу мыхъуну гуэныхьхэм хупатхащ.

2006 гъэ лъандэрэ мэлажьэ Ассанж и «Викиликс»-р. Зэрамыгъэтыншынур ищIэжу, щIалэм хэщIапIэ ищIат Швециер. Къэрал къулыкъущIэхэм ягъэпщкIуну зыхуей дэфтэрхэр Ассанж езым ищIэж IэмалкIэ къигъуэтурэ, дуней псом щыцIэрыIуэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэу «Аль-Джазира», «Нью-Йорк Таймс», «Шпигель» хуэдэхэм яхуигъэхьырт. Къытридза щыхьэтхэр къезытахэм я цIэхэр зэи кърыIуэртэкъыми, тезырыр езым и закъуэ ипшынын хуей хъуащ. Ауэрэ хэIущIыIу ящIа дэфтэрхэм я бжыгъэр мини 100-м фIэкIащ. США-м Афганистанымрэ Иракымрэ щригъэкIуэкIа зауэхэм епха щэхухэр хэIущIыIу хъуа нэужь, Сирием щекIуэкIа зауэм теухуа тхылъымпIэ мелуани 2,4-рэ кърадъхьэну хъыбар ягъэIуащ.

ЩIалэм и жьэр зэщIрагъэпIэн щхьэкIэ, 2010 гъэм хабзэхъумэхэр Швецием щраутIыпщащ. 2011 гъэм Инджылызым яшэу абы щащIа судым ипкъ иткIэ Швецием иратыжыну унафэ къыщащтэм, Ассанж Эквадор къэралым и лIыкIуэхэр зыщIэс унэм зыщигъэпщкIури, щтапIэ ихьэжам и хабзэм къихъумэу, илъэсиблкIэ абы щIэсащ. Метр зэбгъуззэнатIэ 20 фIэкIа мыхъу пэшым щIэтт зытхьэщIыпIэ, дыгъэм и пIэкIэ ультрафиолет бзийхэр къэзыутIыпщ уэздыгъэ, къыщажыхь спорт Iэмэпсымэ. Абы щIалэр щыпсэуащ зы джэду и гъусэу.

2019 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м Эквадорыр Ассанж къыщхьэщыжыныр хуамыдэу, Инджылызым и судым



иратыжри, тутнакъэщым ирадзащ, ауэ США-м ирамыгъэшэжыну къагъэгугъэу. Лъэхъуэщым исыху, щIалэр псэкIэ гугъу ирагъэхьащ, абы къыхэкIыуи и узыншагъэм хэпщIыкIыу кIэрыхуащ, зиукIыжынкIи хъунущ хужаIэу. ИтIани, 2021 гъэм Инджылызым и судым унафэ къищтащ журналистыр Америкэм иратыжыну. Тхьэусыхэну зэрыхуитыр къигъэсэбэпу, лъэIу тхылъ ита щхьэкIэ, и хьэтыр къалъэгъуакъым. Ассанж мыгувэу США-м зэрыратыжым теухуа хъыбар зэбгъратыкIащ иджыблагъэ.

Ассанж Джулиан 1971 гъэм Австралием къыщалъхуащ. Ар къытохъукI лъэпкъгъэкIуэд зращIылIа ирланд лъэпкъым, шотланд къуэпси иIэщ. Программист Iэзэ хъуа нэужь, Ассанж къэрал тетыгъуэхэм зэрахьэ лейр къигъэнэIуэну, тIасхъэщIэххэм къаIэрыхьэ дэфтэр пэжхэр цIыхубэм ялъигъэIэсыныр нэрыгъыу иубыдат. Иджыпсту зытекIуэдэжри аращ. И гъащIэ гъуэгум уриплъэмэ, щIалэм интернет IэмалкIэ и мымылъку зрихьэлIэу, судым иIыгърейуэ, къинэмыщIу къыпфIэщIынкIи хъунущ. Ауэ хуэмурэ а псори Ассанж хуиту дакъузэн щхьэкIэ зэрызэIуащар нэрылъагъу мэхъу.

Ассанж зэрыхейр уи фIэщ зыщI щхьэусыгъуэхэм язщ абы сыт хуэдэ зэмани пщIэншэу къыщхьэщыж уэчылхэр къызэрыхукъуэкIым. Ауэ унафэ ткIий къызэрыхуащIар наIуэу, абыхэми жьэ иратыркъым. А Iуэхум фIыуэ къыдэкIуар сыт жыпIэмэ, Джулиан и уэчыл псэемыблэж, Швецием щыщ, ЮАР-м къыщалъхуа Моррис Стеллэ щIалэр лъэхъуэщым зэрисым хуэдэу щхьэгъусэ зэрыхуэхъуарщ. ЗэхуэзапIэ хуит игъащIэм зимыIахэм я «нысашэ» сурэтхэри ильщ интернетым. Адыгэхэм щIалэр жыжьэ щыIэмэ, пыIэр ягъэтIысу нэчыхь ятхыу зэрыщытам ещхьу, нысащIэ фащэ зыщыгъ Моррис Джулиан и сурэтыр иIыгъщ. Зэщхьэгъусэхэм сабиитI яIэщ.

Ассанж Джулиан псалъэ шэрыуэкIэ къыщхьэщыжауэ щытащ Азербайджаным и президент Алиев Ильхам «ВВС» британ IуэхущIапIэм и корреспондентым жэуап щритым. Азербайджаным цIыхухэр хуиту щыбгъэпсалъэркъым, узыхуейм фIэкIа газет-телевиденэм къыщебгъэгъэлъагъуэркъым, жиIэу къеща журналист бзылъхугъэм Алиевым пидзыжауэ щытащ: «Уи къэралым Ассанж Джулиан ирищIар пщIэжу, интернетыр хуиту щызекIуэ Азербайджаным пэжыр щыдакъузэ жыпIэу ара?»

«Тортым ещхьщ ар, - жеIэ Ассанж, дунейпсо политикэр зэрызекIуэм теухуауэ. - И лъабжьэм щIэлъ коржыр Китайрауэ фи нэгум къыщIэвгъэхьэт. И щIыIум телъыр - Урысейрщ. Азие Курытыр а тIум я зэхуакум дэцIэлъа кремщ. Китаймрэ Урысеймрэ щхьэж и фейдэ зэрыхэлъым елъытауэ, Азие Курытыр я зэхуакум «дацIэлъ». Ирагъэлеймэ, къыдэтIэтIынущ. Тортыр зыгъэщIэращIэр США-рщ. Абы увыIэгъуэ имыIэу «ищхьэ коржым» и Iэщэ зэгъэпэщыпIэхэр, тIасхъэщIэх IуэхущIапIэхэр, кIэлъыплъакIуэхэр къытрипхъэху, езы тортыр нэхъ хьэлъэ мэхъури, кремыр къыдотIэтI».

*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар*
**ЧЭРИМ Марианнэщ.**

# Къафэм насыпыфӏэ ещӏ



**И гумрэ и псэмрэ къыдыхьэ Iуэху зыщIэ цIыхум абы гукъыдэжу къритым епсыхь. Ар нэрылъагъу къыпщызыщI цIыхухэм я гупсысэр щIэщыгъуэщ. Адыгэ къафэм ипсыхьащ «Кабардинка» академическэ къэфакIуэ гупым илъэс куэд хъуауэ хэт Сокъур Мадинэ. Москва къэрал техникэ институтыр къиуха щхьэкIэ, абы и IэщIагъэм ирилэжьакъым. Мадинэ зэрыжиIэмкIэ, къафэм и дуней телъыджэм къыхэхута нэужь, абы гъащIэм хуиIэ еплъыкIэмрэ и мурадхэмрэ зыкъомкIэ захъуэжащ. ГъэщIэгъуэнракъэ, къафэм хуиIэ лъагъуныгъэр хуэм-хуэмурэ зэтеувакъым, атIэ зэуэ дихьэха хъуащ.**

- СЫЩЫЦIЫКIУМ сыкъафэу щытакъым, уеблэмэ сехъуапсэртэкъым сыкъэфэнуи. Балигъ сыхъуа нэужьщ сыщыдихьэхар, илъэс 17-м ситу. Си ныбжьэгъу хъыджэбзым къызжиIат «къафэхэм дахэгъэхьэ» жиIэри. Атэбий Игорь зи унафэщI «Кавказ» къэфакIуэ гуп зэрыщыIэр къатщIэри, декIуэлIащ. 1995 гъэм а гупым сыхагъэхьащ. ИужькIэ, 1999 гъэм, «Кабардинка»-м сыкъыщыфэу щIэздзащ. Ди унагъуэм къэфакIуи, уэрэджыIакIуи, уеблэмэ щэнхабзэм ехьэлIа IэщIагъэ зиIэ къытхэттэкъым. Арагъэнт си адэ-анэм щIафIэмыфIыр сыкъэфэну. Ауэ сэ сыдихьэхыщати, схухыфIэдзакъым. Сэ къафэм насыпыфIэ сещI, - жеIэ Мадинэ.

Мадинэ и лэжьыгъэр фIыуэ щIилъагъу щхьэусыгъуэхэм ящыщщ ансамблыр гуапэу зэрызэхэтыр. ИкIи, зэрыжиIэмкIэ, ар нэхъыбэу зи фIыщIэр ансамблым и унафэщI Атэбий Игорщ. Гупыр куэдрэ гъуэгу зэдытехьащ, зэсащ, зы унагъуэ дахэ хуэдэу зэхэтщ. Ансамблым и ежьэгъуэ къэс дерс, гукъэкIыж, чэнджэщ, зэфIэкI гуэрхэр кърокIуэ.

- Япэ дыдэу «Кабардинка»-м сыхэту сыздэкIуар Сингапурыращ. ИужькIэ Германиер, Америкэр къыкIэлъыкIуащ, Алжири дыщыIащ. Дигу хэхъуэу дыхэтауэ щытащ 2014 гъэм Сочэ щекIуэкIа ЩIымахуэ Олимп джэгухэм хуагъэхьэзыра щэнхабзэ Iуэхухэм. ЩIыналъэ зэхуэмыдэхэм дызэрыщыхьэщIэм къиищынэмыщIа, гуп цIэрыIуэхэм дадолажьэ.Театр иным, Годенкэ и ансамблым я гъусэу концерт куэдрэ дыхэтащ, - жеIэ къэфакIуэм.

Къыддэгуэшащ я ежьэгъуэ гуэрым кърикIуа зы хъыбаркIи:

- Концерт щыттым деж фащэхэр щIэхщIэхыурэ зэтхъуэкIын хуей мэхъу. Москва дыщыIэу зы гъэщIэгъуэн къытщыщIат. Ди фащэр зэтхъуэкIын хуей мэхъури, зы пщащэм ейр дгъуэтыжыркъым. НэгъуэщIым ейр ерагъыу худогъэхъури, утыкум дохьэ сытми... Дэ тIэкIу дыкъэфа нэужь, ди солисткэр утыкум къохьэ зы гъэщIэгъуэн гуэру и фащэр зэпилъхьауэ. Абдеж дыкъэуIэбжьынтэкъэ?! Ди гъусэ хъыджэбзым щыттIэгъар солисткэм и фащэрат. Куэдрэ жыдоIэжри дродыхьэшхыж а щIэщхъум.

Адыгэ къафэм и хабзэхэр апхуэдизкIэ зэгъэкIуащи, цIыхум и Iэпкълъэпкъым и закъуэкъым ипсыхьыр, атIэ и гупсыси, и зыIыгъыкIи, уеблэмэ и псэлъэкIэми зрегъэхъуэжыф.

- Укъыщыфэм деж уи псэр хьэуа къабзэм щыхуарзэ хуэдэщ, дамэ къыптокIэ. Сытым дежи уи щхьэр лъагэу угъэIыгъ къафэм. Утыкум ущитым, къалэ уэрамхэм ущрикIуэм деж адрей цIыхухэм зыгуэркIэ уакъыхэщхьэхукIыу къыпщохъу. Къафэм игъэзащIэу къыщIэкIынущ уигъэгушхуэн къалэнри, - жеIэ ди псэлъэгъум.

Къафэм апхуэдизу зи гур ета бзылъхугъэм и жагъуэ мэхъу абы и хабзэхэр утыкум нэсу щыщамыгъэзащIэм деж.

- Иджыпсту куэдрэ урохьэлIэ адыгэ къафэм къемызэгъыу защIу щIалэгъуалэр щIыкIейуэ утыкум къыщихьэ. Апхуэдэхэр емыкIу дощI. Ауэ нэгъуэщI зы лъэныкъуи иIэщ Iуэхум: гуфIэгъуэ джэгу екIуэкIыу къафэр зи IэщIагъэхэр утыку къихьа нэужь, адрейхэр къэфэну тегушхуэжыркъым. Ари сфIэтэмэмкъым, - жеIэ.

Адыгэ къафэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэщ утыку укъызэрихьэ фащэр. Къафэм и хьэлымрэ фащэм и теплъэмрэ зэрызэхуэкIуэм куэд елъытащ. Сокъур Мадинэ игу ирохь ХьэцIыкIу Мадинэ, Хъурей Жаннэ сымэ ансамблым хуад фащэхэр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Дзэм ираджэхэм къащхьэщож

**2022 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ, Урысей армэм къулыкъу щызыщIэнухэм я дэшыгъуэ чэзур йокIуэкI. Абы къыхэкIыу, хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэ дзэ прокуратурэр нэхъ ткIийуэ кIэлъоплъ УФ-м и дзэ комиссариатхэмрэ абыхэм я къудамэхэмрэ я къалэнхэр зэрагъэзащIэм.**

ГАРНИЗОНЫМ и 316-нэ дзэ прокуратурэм армэ дэкIыгъуэр къызэгъэпэщынымкIэ и къалэнхэм хохьэ къулыкъу зыщIэну дашхэм Конституцэм къарит я хуитыныгъэхэр хъумэныр, здагъэкIуа щIыпIэм щIалэхэм я псэукIэмрэ узыншагъэмрэ зыхуей зэрыщыхуэзэм кIэлъыплъыныр, нэгъуэщIхэри. Гулъытэ хэха хуащI армэм дашхэр шхынрэ щыгъынкIэ къызэрызэрагъэпэщым, я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ хъума зэрыхъум.

Къэралым и шынагъуэншагъэмрэ зыхъумэжыныгъэмрэ ирагъэфIэкIуэн, УФ-м и дзэмрэ адрей зауэлI зэгухьэныгъэхэмрэ зыхуей хуэзауэ зэрагъэпэщын, армэм зэрыдэшыпхъэ хабзэр дзэ комиссариатхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ гарнизоным и 316-нэ дзэ прокуратурэм зэрыщагъэзащIэм кIэлъыплъын папщIэ зэтраубла лэжьыгъэм ипкъ иткIэ, армэм дэкIын Iуэхум теухуауэ упщIэ зиIэхэм жэуап щагъуэтынущ хабзэ-консультацэ пунктым. Абы и хэщIапIэр: КъБР, Налшык къалэ, Пятигорскэ уэрам, 11-нэ унэ; гарнизоным и 316-нэ дзэ прокуратурэ. Абы хэти Iухьэу, хабзэ и лъэныкъуэкIэ зыхуит псори къыщищIэфынущ.

Армэм дэкIыным епха IуэхукIэ цIыхухэр зыгуэркIэ хагъэзыхьу, Iулъхьэ Iахыу е апхуэдэ мурад яIэу зэхэпха? ХабзэкIэ удакъузэрэ? Дзэ прокуратурэм икIэщIыпIэкIэ хъыбар егъащIэ!

# ГъэсакIуэ жыджэрхэр утыку къохьэ

**Хабзэ хъуауэ, ди къэралым илъэс къэс щокIуэкI гъэсапIэхэм я IэщIагъэлIхэм я зэпеуэ. «Урысейм и гъэсакIуэ нэхъыфI-2022» мыгъэрей зэхьэзэхуэм и щIыпIэ Iыхьэхэр зэфIэкIащ. Мы махуэхэм Налшык щызэхашащ ди республикэм и районхэм, къалэхэм щыIэ сабий гъэсапIэхэм щекIуэкIа апхуэдэ зэпеуэхэм пашэ щыхъуахэр зыхэт зэпеуэ. ЩIыналъэпсо зэхыхьэм кърагъэблэгъащ гъэсакIуэ пажэ 13. Ахэр зэхьэзэхуэнущ ди республикэм нэхъыфIу къыщалъытэнымкIэ.**





ГЪЭСЭНЫГЪЭ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм ябгъэдэлъ Iуэху зехьэкIэ пэрытыр наIуэ къэщIынымрэ я зэфIэкIым зегъэужьынымрэ хуэунэтIа зэхьэзэхуэ хьэлэмэтщ «Илъэсым и гъэсакIуэ нэхъыфI» зэпеуэр. ГуфIэгъуэ щытыкIэм иту къызэIуахащ Iуэхугъуэр. Абы кърихьэлIа псоми псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэм-кIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ.

- ЩIыналъэпсо зэпеуэм ухэтыныр, шэч хэмылъу, щIыхьрэ пщIэрэ зыпылъ Iуэхугъуэщ. Фэ фщыщ дэтхэнэри гъэсакIуэ нэхъыфIу фыкъыщалъытащ фыкъыздикIа щIыпIэхэм, къалэхэм. Фызыхэтыну зэпеуэри фи Iуэху зехьэкIэ дахэхэмкIэ, методикэ пэрытхэмрэ лэжьыгъэм къыщывгъэсэбэп IэмалхэмкIэ зэрывгъэдэхэнури хьэкъщ, - къыхигъэщащ Емузым. - ЕхъулIэныгъэ, дэрэжэгъуэрэ гукъыжэджрэ къыфхуихьыну си гуапэщ зэпеуэм. Фи зэфIэкIхэм адэкIи зэрыхэвгъэхъуэн къаруущIэ къыфхрырелъхьэ абы. Фи цIэхэр къыхэнэнущ ди республикэм и гъэсэныгъэ IэнатIэм и тхыдэм.

ЩIыналъэпсо зэхьэзэхуэм хэтщ ди республикэм и сабий сад куэдым я гъэсакIуэхэр. УнэтIыныгъэ зыбжанэкIэ зэпеуа лэжьакIуэ пашэхэм наIуэ къащIащ я Iуэху зехьэкIэр, гъэсэныгъэм нэхъыщхьэу къыщалъытэр яубзыхуащ, сабий гупым драгъэкIуэкI хабзэ дерс гъэщIэгъуэнхэм къэпщытакIуэхэр щыгъуазэ ящIащ. Псоми яфIэхьэлэмэтащ зэпеуэм хэт гъэсакIуэхэм гуп мыцIыхухэм драгъэкIуэкIыфа дерсхэр. ЦIыкIухэр къыдахьэхыу ягъэлэжьэн щхьэкIэ, гъэсакIуэхэм бгъэдыхьэкIэ гъэщIэгъуэнхэр къагупсысу йокIуэкI зэпеуэр.

«Си IэщIагъэмрэ ехъулIэныгъэм сыхуэзышэ си проектымрэ», «Сабийхэм лэжьыгъэ зэрадезгъэкIуэкI мардэхэр», «Мастер-классхэр», нэгъуэщI унэтIыныгъэхэмкIи йокIуэкI зэпеуэр. Абы щытекIуахэр наIуэ къэхъунущ дызэрыт тхьэмахуэм и кIэхэм. Ди республикэм гъэсакIуэ нэхъыфIу къыщалъытэр хэтынущ зэпеуэм и федеральнэ Iыхьэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр ихъумэу.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# «Шынагъуэншагъэм и еджапIэ»

**Налшык къалэм щыIэ «Кизиловка» турбазэм щекIуэкIащ сабийхэм я республикэ зэхьэзэхуэ, «Шынагъуэншагъэм и еджапIэ» проектым хыхьэу Урысей МЧС-м зэхишауэ.**

АР къызэрагъэпэщащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм, республикэм мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и IуэхущIапIэм, «Шынагъуэншагъэм и еджапIэ», мафIэсым пэщIэтынымкIэ Урысейпсо зэгухьэныгъэм я щIыналъэ къудамэхэм.

Зэхьэзэхуэр къыщызэIуахым щIыналъэм МЧС-м и унафэщIым и къуэдзэ Анаев Мухьэмат зэпеуэм хэтынухэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ, ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэмэ зэригуапэр яжриIащ.

Зэхьэзэхуащ республикэм и курыт еджапIэхэм я команди 5, илъэс 11 - 16-хэм ит ныбжьыщIих дэтхэнэми хэту. Абыхэм я зэфIэкIыр щагъэлъэгъуащ унэтIыныгъэ зыбжанэм: палаткэхэр зэрагъэувыфыр, альпинист Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпу бгым зэрыдэкIыфыр, лей зытехьа хуэдэм зэрыдэIэпыкъуфыр, нэгъуэщIхэри наIуэ къащIащ.

Методикэ дэIэпыкъуныгъэмрэ я шынагъуэншагъэмрэ къызэрагъэпэщащ мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ IуэхущIапIэм и ПСО-м и лэжьакIуэхэм.

ЩIыналъэ МЧС-м ныбжьыщIэхэм папщIэ губгъуэм шхапIэ къыщызэригъэпэщат. Зэпеуэм къарикIуахэр къэпщытакIуэхэм зэхалъхьэжыху, абыхэм тхъуий хьэгулывэ ирагъэшхащ шей пщтыр щIыгъуу.

Зэхьэзэхуэм щытекIуащ Балъкъэр Ипщэ къуажэм и курыт еджапIэм и «Тигр» командэр. Налшык къалэм и курыт еджапIэ №18-м и «Спасатель-07» гупым етIуанэ увыпIэр къихьащ. Прохладнэ къалэм и «Азимут» командэр ещанэщ.

ТекIуахэмрэ къыхэжанык1ахэмрэ иратащ кубокхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ.

- Зэхьэзэхуэр къытщIэхъуэ щIэблэр гъащIэ узыншэм хуэзыущийщ, апхуэдэуи альпинизмэм зезыгъэужьщ, - жиIащ «Шынагъуэншагъэм и еджапIэ» щIыналъэ IэнатIэм и унафэщI Малкандуев Аслъэн.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**



# ЗымащIэ яхурикъужакъым



**«Динамо» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (1:0). Мэхъэчкъалэ. Есинбаевэ Е. и цIэр зезыхьэ «Труд» стадион. Накъыгъэм и 16. ЦIыху 800 еплъащ.**

***Судьяхэр:*** Карпов (Петрозаводск), Ежак (Сочэ), Чаплыгин (Мэзкуу).

***«Динамо»:*** Хамхоев, Ибрагимов, Гасанов, Красильниченкэ, Алибеков, Халимбеков, Глушков (Махмудов, 90), Гаджиев (Мелекесцев, 75), Атабаев (Исаев, 62), Юсупов, Дибиргаджиев (Вагидов, 62).

***«Спартак-Налшык»:*** Антипов, Сындыку, Ольмезов (Мэкъуауэ, 64), Белоусов, Шумахуэ, Жангуразов, Хьэшыр, Дэхъу, Масленников, Бэчбо (Ашуев, 75), ЛIуп.

***Топыр дигъэкIащ*** Гаджиевым, 44 - пенальтикIэ (1:0).

***53-нэ дакъикъэм*** Бэчбом пенальтир худэгъэкIакъым.

***Дагъуэ къыхуащIащ*** Алибековым, Гаджиевым, Ашуевым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ накъыгъэм и 17-м Дагъыстэным и къалащхьэм щызэхэтащ зэпеуэм бжьыпэр щызыIыгъ «Динамо»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэIущIэр.

ЗэпэщIэтыныгъэр пашэм зэрыхуэфащэу, хэгъэрейхэм жыджэру къыщIадзащ. Мэхъэчкъалэдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр зэтраIыгъэу «Спартак-Налшыкым» и лъэныкъуэмкIэ зыщигъэбыдат. Антиповым и гъуэм и бгъэдыхьэпIэхэр зыхъумэ ди щIалэхэм «Динамо»-р гъунэгъуу кърагъэкIуалIэртэкъым, икIи и къежьапIэм щагъэужьыхырт. ХьэщIэхэми Iэмал ягъуэтыртэкъым контратакэ къызэрагъэпэщу джэгур я хьэрхуэрэгъухэм я лъэныкъуэмкIэ ягъэIэпхъуэну.

ЛъэныкъуитIми топ зэрыдагъэкIын IэмалыфIхэр къызэрамыгъэпэщыфауэ зэIущIэм и япэ Iыхьэм и ныкъуэр и кIэм нэблэгъащ. Командэхэр загъэпсэхуну икIыну дакъикъитI нэхъыбэ къэмынэжауэ щытыкIэм зихъуэжащ. Ди щIалэхэм яIэщIэкIарэ «Спартак-Налшыкым» и штрафнойм ихьауэ гъуэм хуэкIуэ мэхъэчкъалэдэсхэм я гъуащхьауэ хабзэр къызэпауду фIэкIа Ольмезовымрэ Шумахуэмрэ къахуэгъэувыIакъым - пенальти. Ар Iэзэу зыгъэзэщIа Гаджиевым зы Iэмали къыхуигъэнакъым Антиповым топым къригъэгъэзэну. «Динамо»-м и гъуащхьэхъумэныкъуэ Гаджиевым топыр ди гъуащхьэтетым пэжыжьэ ищхьэ плIанэпэм дигъэкIащ - 1:0.

ЗэIущIэр щызэпагъэум ипэ къихуэу топ къызыхудагъэкIа налшыкдэсхэм зэрызагъэпсэхуа дакъикъэ пщыкIутхум нэужькIэ я джэгукIэм теплъэщIэ иIэу етIуанэ Iыхьэм къыщIадзащ. Япэ Iыхьэр щымыIа хуэдэу «Спартак-Налшыкым» жыджэрагъыщхуэ хэлъу ебгъэрыкIуэныгъэ шынагъуэхэр къызэригъэпэщын щIидзащ икIи ипэкIэ кIуэтащ.

Тепщэныгъэр зыубыда хьэщIэхэм я гъуащхьауэ нэхъыфI Хьэшырыр 53-нэ дакъикъэм топыр иIыгъыу хэгъэрейхэм я гъуащхьэтет Хамхоевым и штрафнойм щихьэм абы къыпэува Алибековыр лъакъуэкIэ и щхьэм къеуащ. Хабзэ къызэпаударнаIуэ зыщыхъуа зэIущIэм и судья нэхъыщхьэ Карповым метр пщыкIузымкIэ игъэлъэгъуащ, щыуагъэ зыIэщIэщIами дагъуэ хуищIащ.

Пенальтир игъэзэщIащ Бэчбом. Мурат зэуа топыр «Динамо»-м и гъуащхьэтетым техуэри къигъэлъеижащ. Абы кIэлъеуэжыну хэта ди щIалэхэм я мурадым зыри къикIакъым.

КъахукъуэкIа IэмалыфIыр къахуэмыгъэсэбэпами «Спартак-Налшыкым» къикIуэтын мурад иIэтэкъым. Ди ебгъэрыкIуэныгъэм кърикIуа угловоймкIэ топыр къызыIэрыхьа Шумахуэм бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжыным зымащIэщ иIэжар. Ар щхьэкIэ зэуа топыр сантиметр бжыгъэкIэ хэгъэрейхэм я гъуэм щхьэпрылъэтащ. Куэд дэмыкIыу апхуэдэ дыдэ Iэмал къыхукъуэкIат ЛIупым. Ауэ Ислъам и топри зымащIэкIэ гъуэм техуакъым.

КIэух дакъикъэхэр къызытехьэлъэ хъуа «Динамо»-м текIуэныгъэ къыхуэзыхь бжыгъэр ихъумэн мурадкIэ гупышхуэу и лъэныкъуэмкIэ къикIуэтыжат. ЗэIущIэм и зэман нэхъыщхьэм къыщIагъуа дакъикъэхэм «Спартак-Налшыкыр» зэрыкомандэу, уеблэмэ Антиповыр яхэту, ипэкIэ кIуэтащ, арщхьэкIэ кIэух бжыгъэм зрамыгъэхъуэжыфу зэпэщIэтыныгъэр иухащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ Мэхъэчкъалэ и «Динамо»-р зэкIэ IэщIэкIащ иджыри къэс къеныкъуэкъуа СКА-м: ростовдэсхэр а махуэ дыдэм пэлъэщакъым Прогрессым икIа «Биолог-Новокубанск»-м.

ЩэщIрэ езанэ джэгугъуэм и адрей зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: «**ТIуапсы**» (ТIуапсы) - «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **0**:**5**, «**Алания-2**» (Владикавказ) - «**Дружба**» (Майкъуапэ) - **1**:**2**, «**Ротор-2**» (Волгоград) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **2**:**2**, «**Форте**» (Таганрог) - «**Чайка**» (Песчанокопскэ) - **2**:**3**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **2**:**2**, «**Кубань-Холдинг**» (Новокубанск) - «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - **1**:**0**, «**Динамо**» (Ставрополь) - «**ЕсэнтIыгу**» (ЕсэнтIыгу) - **3**:**1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Волгоград къалэм щригъэкIуэкIынущ. Накъыгъэм и 22-м ар IущIэнущ «Ротор-2»-м.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Динамо» Мх.** | **29** | **22** | **5** | **2** | **56-10** | **71** |
| 2. СКА | 29 | 22 | 3 | 4 | 61-17 | 69 |
| 3. «Чайка» | 29 | 19 | 7 | 3 | 74-21 | 64 |
| 4. «Форте» | 29 | 15 | 9 | 5 | 48-29 | 54 |
| 5. «Черноморец» | 28 | 15 | 5 | 8 | 54-31 | 50 |
| 6. «Кубань-Холдинг» | 30 | 14 | 8 | 8 | 41-31 | 50 |
| 7. «Анжи» | 29 | 12 | 8 | 9 | 40-31 | 44 |
| 8. «Легион Динамо» | 29 | 11 | 9 | 9 | 41-27 | 42 |
| 9. «Биолог-Новокубанск» | 29 | 10 | 9 | 10 | 42-40 | 39 |
| 10. «ТIуапсы» | 29 | 11 | 2 | 16 | 34-49 | 35 |
| **11. «Спартак-Налшык»** | **29** | **8** | **10** | **11** | **25-26** | **34** |
| 12. «Дружба» | 28 | 7 | 10 | 11 | 23-36 | 31 |
| 13. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 29 | 6 | 10 | 13 | 41-44 | 28 |
| 14. «Динамо» Ст. | 29 | 7 | 7 | 15 | 36-51 | 28 |
| 15. «Ротор-2» | 29 | 5 | 6 | 18 | 25-60 | 21 |
| 16. «Алания-2» | 30 | 2 | 6 | 22 | 32-88 | 12 |
| **17. «ЕсэнтIыгу»** | **30** | **2** | **4** | **24** | **15-97** | **10** |

# Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ

**«Москва къалэм Лъэпкъхэмк1э и унэ» къэрал бюджет IуэхущIапIэмрэ (ГБУ «МДН») ТIажь Альбинэ и фондымрэ (ФАТ) илъэс зыбжанэ хъуауэ ирагъэкIуэкI «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» зыфIаща дунейпсо арт-проектыр. Абы и епщIанэ зэхыхьэм хиубыдэу, проектым и цIэджэгъуу зэхаша фестиваль-зэхьэзэхуэм къыщыхахащ нарт эпосым ехьэлIауэ сабийхэм ящIа сурэт нэхъыфIхэр.**

НАРТ хъыбархэр, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я лIыхъужьхэм теухуа IуэрыIуатэр зэман зэхуэмыдэхэм ятхыжащ бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ. Псалъэм папщIэ, абхъазыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ (адыгеибзэрэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэкIэ), осетиныбзэкIэ, къэрэшей-балъкъэрыбзэкIэ, нэгъуэщIхэмкIи. Абыхэм ящыщу адыгэхэмрэ къэрэшей-балъкъэрхэмрэ я хъыбархэращ «Сокровище нартов» зыфIаща тхылъищым я лъабжьэр. Ахэр зэридзэкIауэ, итхыжауэ, сабийхэм яфIэгъэщIэгъуэнын хуэдэу игъэхьэзырауэ щытащ Кузьмин Валентин. Лъэпкъыбзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къэIуэтами, нарт хъыбархэр зырешалIэ лIыхъужьыгъэм, хахуагъэм, хэкум хуаIэ лъагъуныгъэм, псэкупсэ къулеигъэм зэрытеухуам.













Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу сабийхэм яхуэгъэза тхылъ щхьэхуэщхьэхуэщ мыхэр, дэтхэнэми щIыналъэм щыщ цIыкIухэм я сурэт нэхъыфIхэр, фестиваль-зэхьэзэхуэм къыщыхахахэр иту. Нарт хъыбархэр зи лъабжьэ тхылъхэм КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч мыбы теухуа и IэдакъэщIэкIхэми щахухэхащ напэкIуэцIхэр.

Къыхэдгъэщынщи, «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» арт-проектым 2012 гъэм къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и саугъэтыр. А фIэщыгъэм щIэт тхылъхэр хагъэхьащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм школакIуэхэр программэм щымыщу зэджэ хъуну къыхигъэщхьэхукIа, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, щэнхабзэм, литературэм теухуа тхылъи 100-м.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Марьянэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ (1, 2-нэ нап.), Нэужьокъуэ Заирэ (3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 • Тираж 2.041 • Заказ №984